

# EGALITE CHANS se LALWA

Li ilegal pou resipyan asistans finansye federal sa a fè diskriminasyon sou baz ki pral site la yo :

Kont nenpòt moun Ozetazini, sou baz ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, afilyasyon politik oswa kwayans ; epi kont tout benefisyè pwogram ki finansyèman jwenn asistans nan Tit I Lwa sou Envestisman Mendèv ane 1998 la (Workforce Investment Act – WIA), sou baz estati /sitwayènte benefisyè a kòm yon imigran ki legalman nan peyi a ki otorize pou l travay Ozetazini, oswa patisipasyon l nan nenpòt pwogram oswa aktivite ki finansyèman jwenn asistans WIA Tit I. Resipyan an pa ta dwe fè diskriminasyon nan ankenn nan domèn sa yo : Deside ki moun ki pral gen aksè nan nenpòt nan pwogram oswa aktivite ki finansyèman jwenn asistans WIA Tit I ; ofri opòtinite nan pwogram oswa aktivite a, oswa trete nenpòt moun konsènan pwogram oswa aktivite konsa ; oswa pran desizyon travay nan administrasyon, oswa an rapò ak yon pwogram oswa yon aktivite konsa.

## Kisa pou fè si w kwè ou te viktim diskriminasyon

Si w panse ou te viktim diskriminasyon nan pwogram oswa aktivite ki finansyèman jwenn asistans nan WIA Tit I, ou ka depoze yon plent nan yon delè 180 jou apati dat vyolasyon an te sanse fèt la swa bay :



**Ms. Denise Pilgrim**  
Name of Equal Opportunity Officer

**NYC Department of Youth & Community Development**  
Name of Organization

**156 William Street (rm:266) , New York, NY 10038**  
Address

**(212) 442-6022** (212) 442-7955  
Telephone Number Fax

[dmpilgrim@dcyd.nyc.gov](mailto:dmpilgrim@dcyd.nyc.gov)  
E-mail Address

**Director**  
Division of Equal Opportunity Development  
New York State Department of Labor  
State Office Campus, Building 12, Room 540  
Albany, New York 12240

TELEFÒN : (518) 457-1984  
(TDD) 1-800-662-1220  
(VWA) 1-800-421-1220

oswa ou ka depoze yon plent dirèkteman bay :

**Director**  
Civil Rights Center (CRC)  
U.S. Department of Labor  
200 Constitution Avenue, NW  
Room N-4123  
Washington, D.C. 20210

Si w depoze plent ou an bay resipyan an, ou dwe tann swa jiskaske resipyan an bay yon Notis sou Aksyon Final (Notice of Final Action) pa ekri, oswa jiskaske 90 jou te pase (nenpòt sa ki fèt pi vit la), anvan ou depoze plent ou an bay Sant pou Dwa Sivil la (gade adrès la anwo a). Si resipyan an pa bay yon Notis sou Aksyon Final pa ekri nan yon delè 90 jou apatide jou ou te depoze plent ou an, ou pa bezwen ret tann pou resipyan an bay Notis la anvan w depoze yon plent nan CRC a. Men, ou dwe depoze plent ou an nan yon delè 30 jou nan limit 90 jou a (sa vle di, nan yon delè 120 jou aprè jou ou te depoze plent ou a bay resipyan an). Si resipyan an bay yon Notis sou Aksyon Final pa ekri sou plent ou an, men ou pa satisfè ak desizyon an oswa rezolisyon an, ou ka depoze yon plent nan CRC. Ou dwe depoze plent ou an nan CRC a nan yon delè 30 jou apatide dat ou te resevwa Notis sou Aksyon Final la.

DEOD 310HC (9/13)